




BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN



3.1 Méthode Panalungtikan jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif. Méthode ieu téh miboga ciri-ciri (1) museurkeun panitén pikeun ngaréngsékeun masalah anu aya patalina dina mangsa kiwari, sarta dina masalah anu aktual, (2) data anu geus aya disusun, dijéntrékeun, sarta dianalisis.

Tujuan digunakeunana ieu métode nya éta sangkan meunang gambaran ngeunaan basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran.

3.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun nya éta (a) Studi Pustaka, (b) observasi, jeung (c) wawancara.

a. Studi Pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar teoritis anu aya patalina jeung subyéék panalungtikan anu keur ditalungtik.

b. Observasi

Observasi dilakukeun sangkan boga gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan daérah anu keur ditalungtik.

c. Wawancara

Wawancara dilasanakeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung masyarakat.

3.3. Instrumen Panalungtikan

Arikunto (1996: 150) nétélakeun yén instrumen panalungtikan téh nya éta: alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé dina harti leuwih lengkep jeung sistematis nepi ka datana leuwih gampang diolah. Instrumen dina ieu panalungtikan nya éta:

a. Angkét

Conto angkét aya dina kaca saterusna.

Kuesioner Informan

Kampung:.....Désa:.....

Kacamatan: Waluran

Kabupatén: Sukabumi

1. Ngaran:.....Jenis Kelamin L/P

2. Umur:.....taun. Tempat Lahir:.....

(di jero/luar kampung/désa/kacamatan/kabupatén)

3. Atikan:.....

4. Matuh di désa ti mimiti:.....

5. Kungsi/teu kungsi cicing di luar désa/kacamatan/kabupatén

di.....ti mimiti.....

nepi ka.....Balik deui ka désa ti mimiti.....

6. Kawin/teukawin

7. Basa nu dipaké di imah:

a. Basa.....

b. Basa.....

8. Basa di masarakat:.....

9. Basa di tempat pagawéan:.....

10. Basa lain nu digunakeun:.....

Dina kasempétan:.....

Wawancara tanggal.....2004

Di.....pukul.....

Nu ngawawancara:.....

b. Fadoman Wawancara

Conto Padoman wawancara

No	Kbeungharan Kecap	Dipikawanoh	Dipaké	Kecap lain nu digunakeun
A	Istilah Pancakaki			
1	Adi
jst				

3.4. Populasi jeung Sampel

3.4.1. Populasi

Populasi nya éta sakabéh obyék anu dijadikeun bahan dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa barang, manusa, kajadian, atawa gejala-gejala nu bakal kajadian, paling saeutik kudu mibanda sifat-sifat nu sarua. Ku lantaran éta, populasi mangrupa sakabéh sumber data nu jadi obyék panalungtikan (Suyatna, 1994: 14).

Anggota populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kekecapan dialék nu aya di Kacamatan Waluran Kabupatén Sukabumi.

3.4.2. Sampel

Sampel mangrupa bagian tina populasi sarta dianggap bisa ngawakilan populasi. Dina kanyataanana hésé pisan pikeun manggihan Sampél nu mangrupa replika tina populasi (Suyatna, 1994: 14).

Sampel ieu panalungtikan téh maké cara wilayah, nya éta ku cara milih Sampél anu dianggap bisa ngawakilan anggota populasi dumasar kana ciri-ciri

jeung sifat-sifat nu dianggap mibanda hubungan jeung ciri-ciri atawa sifat-sifat populasi nu geus dipikanyaho saméméhna. Ieu cara lantaran anggota populasi kacida lobana jeung heterogen. Spesifikasi nya eta Kaler, Kulon, Kidul, Wetan, jeung Tengah. Kulantaran kitu ieu sampel téh disebut sampel wilayah jeung sampel purposive. Nya éta sampel anu saluyu jeung tujuan panalungtikan.

3.5. Langkah-Langkah Garapan

Langkah-langkah dina ieu panalungtikan dibagi opat tahapan nya éta, tahapan tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap nganalisis data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.

3.5.1 Tahap Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

1. Néangan katerangan ngeunaan masalah anu bakal ditalungtik (studi pustaka)
2. Nangtukeun masalah, judul jeung rangkay panalungtikan
3. Nyieun proposal panalungtikan
4. Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan
5. Konsultasi ka Dosén pangaping

3.5.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

1. Ngumpulkeun data panalungtikan
2. Ngalaksanakeun observasi

3. Ngayakeun wawancara
4. Ngainpentarisir data anu asup
5. Konsultasi ka Dosén pangaping

3.5.3. Tahap Nganalisis Data

1. Observasi lapangan
2. Ngumpulkeun data panalungtikan.
3. Ngayakeun wawancara.
4. Ngainpentarisir data anu asup.
5. Ngeun peta dialek geografis Sukabumi Kacamatan Waluran
6. Nyieun kacindekan tina hasil analisis.